

Byenveni nan Prematenèl



Biwo pou ansèyman timoun piti *Office of Early Childhood Education*  
DEPATMAN EDIKASYON VIL NOUYÒK *NEW YORK CITY DEPARTMENT OF EDUCATION (NYCDOE)*

Chè paran,

Pitit ou a espesyal. Objektif pi enpòtan an se mete sou pye yon kourikoulòm ki rekonèt epi ki ogmante enterè, potansyèl ak kapasite pitit ou a. Pou fè sa, ou bezwen pote anpil atansyon paske timoun aprann pi byen lè yo aktif ak lè yo kirye.

Pwogram prematènèl nou a ap prepare pitit ou a pou siskè nan lekòl nan kat domèn devlopman :

**Fizik :** Pou ogmante kapasite gwo misk timoun yo— pou balanse, lanse, atrap, kouri, sote ak grenpe—epi pou ogmante kapasite ti misk ki nan men yo grasa yon seri eksperyans tankou : fè desen, penti, kolye, kreye òneman, sèvi ak likid, vide, taye, ak ekri.

**Sosyoemosyonèl :** Pou ede timoun yo devlope yon sans byennèt ak endepandans. Pou ede yo aprann fè zanmi, pou yo vin manm yon kominote nan salklas epi pou montre yo kouman pou yo swiv règleman ak woutin.

**Entèlektiyèl :** Pou ogmante kapasite langaj timoun yo pou yo ka fè konnen eksperyans yo, lide yo, santiman yo ak bagay yo deside yo bezwen yo. Pou ranfòse kapasite mantal k ap ede yo rezoud pwoblèm ak eksplòre domèn ki anrapò ak Matematik, Syans, ak Syans sosyal.

**Ekspresyon pou yo kreye nouvo bagay/e pou devlope gou yo pou bèl bagay :** Pou ede timoun yo itilize mizik, mouvman, pyès teyat ak atizay vizyèl pou atenn ak eksplòre kapasite kreyatif yo.

Sa ki pase nan Prematènèl konte! Epi sa w fè lakay ou menm pi enpòtan ankò. Nou ka bay pitit ou a pi bon fòmasyon pou l derape lekòl, lè nou travay ansanm!

Joel I. Klein

*Chanselye*

# Devlòpman fizik

Mwen ka frape li!



Fè aktivite fizik chak jou enpòtan pou timoun yo nan premye etap vi yo. W ap ede yo aprann ak amelyore devlòpman fizik yo pou yo byen pòtan lè w ofri yo opòtinite pran abitud fè tout kalite mouvman. Gen nan eksperyans sa yo aktivite pou devlope gwo misk ak ti misk ki ranfòse kapasite yo pou ajanse mouvman yo.

Mwen pigwo pase tout moun!



Wheee!



Mwen ka fè dwèt mwen  
touche zòtèy mwen.



Mwen santi m tètman  
espesyallè  
m ap jwe  
ak zanmi mwen yo.



Mwense yon ponpye!



Nouse faktè!



Plensa d!



Nou pran tigoute nou  
ansanm.



Yonn pou ou,  
Yonn pou mwen.



# Devlòpman sosyal ak emosyonèl

Devlòpman sosyal ak emosyonèl enpòtan pou siksè yon timoun katran pandan ane preskolè a. Sa devlope estimasyon yon timoun, ogmante kapasite l pou l fè zanmi, epi kreye yon mwayen pou li aprann. Yon salklas ki sipòte devlòpman sosyal ak emosyonèl genyen :

- Yon ekip edikatè ki ankourajan
- Yon kourikoulòm ki pran ankonsiderasyon timoun anpatikilye
- Yon anviwònman aprantisaj pozitif e sennesòf.
- Aktivite sanse pou patisipasyon fanmi pandan tout ane lekòl la



Mwen gen yon chapo woz!



Sèvi ak sa a!



Ooh! Sa fè san m  
tresayil!  
(Yon krab solitè  
ap mache nan men l.)



Gade sa m konstwi!



Kèk fwa mwen konstwi  
poukont mwen!  
Kèk fwa mwen konstwi  
akzanmi m!



# Devlòpman entelektyèl

Yon fwa ...

Devlòpman entelektyèl enpòtan pou favorize kwasans ak siksè nan lekòl. Pou timoun Prematènèl, kapasite entelektyèl enpòtan se langaj ak alfabetizasyon, rezònman matematik, rezònman syantifik ak sosyal. Lè timoun yo itilize kapasite yo pou panse, rezoud pwoblèm ak kominike, y ap bay anvònman yo yon rezondèt.



Se tou pa m.



Noutande istwa yo.



Mwen dwe chazi pwòp liv mwen vle li.





Gade sa m konstwi.



Mwen renmen fè penti.



Taye bò isit!  
Taye bò la a!



Mwen renmen fè desen.



Yo tout tonbe.



# Devlòpman pou kreye nouvo bagay/pou devlope gou pou renmen bèl bagay

Chak jou kourikoulòm prematènèl la ki pran ankonsiderasyon timoun anpatikilye garanti ke timoun yo fè mizik, egzèsis, patisipe nan pyès teyat ak fè eksperyans nan atizay. Aktivite lib sa yo ki enplike divès ògan sans timoun yo ankouraje yo devlope yon apresyasyon pou atizay epi ofri yo anpil opòtinite fè lòt moun konnen pwòp talan pa yo.



Kèk fwamwenjwe poukont mwen.



Mwen fè !!



Sa a se pibon zanmim.

Gade! Mwen ka  
ekri non m  
sou konpitè a!



Oufè m ri.

Mwen santi m  
espesyalè  
pwofesè m lan  
ap lipou mwen.





## Pou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram prematènèl :

### Pale :

- avèk estaf prematènèl la, tankou pwofesè, asistan edikatif, asistan familyal, travayè sosyal ak espesyalis ansèyman pou timoun piti a.
- avèk administratè a, direktè ak koòdonatè paran an

### Fè konnen :

- enfòmasyon sou sa pitit ou a renmen, potansyèl li ak kapasite li.
- bagay ou renmen ak talan w lè w pale avèk estaf lekòl la.

### Patisipe nan :

- sesyon enfòmasyon ak aktivite sou patisipasyon fanmi
- reyinyon Paran-Pwofesè

### Fè pati :

- asosyasyon Paran-Pwofesè *Parent-Teacher Association* (PTA) lekòl ou a
- pwogram pou ofri sèvis ou kòm volontè nan salklas lekòl ou a
- komite konsiltatif pou paran *Parent Advisory Committee* (PAC) elèv prematènèl distri w la
- bibliyotèk ki nan katye w la

### Li :

*Head To Toe.* Carle, Eric. New York, NY: Harper Collins Publishers, 1997.

*De la cabeza a los pies.* (Edisyon espanyol)

*Hurray for Prekindergarten.* Senisi, Ellen B. New York, NY: Harper Collins, 2000.

*The Kissing Hand.* Penn, Audrey. Washington, DC: Child Welfare League of America, 1993.

*Wemberly Worried.* Henkes, Kevin. New York, NY: Greenwillow. 2001.

### Lòt resous :

*Einstein Never Used Flashcards.* Hirsh-Pasek, Kathy and Michnick Golinkoff. Roberta Rodale Inc. 2003.

*Prekindergarten Performance Standards.* The New York City Department of Education, 2003.

*Read To Me: Raising Kids Who Love To Read.* Cullinan, B.E. New York, NY: Scholastic. 1992.

*The Read Aloud Handbook.* Trelease, J. New York, NY: Penguin Books, 1995.

### Sit Entènèt :

[www.familit.org](http://www.familit.org) — National Center for Family Literacy

[www.pbs.org/parents/](http://www.pbs.org/parents/) — Public Broadcasting System (PBS)

<http://schools.nyc.gov/> — New York City Department of Education

<http://schools.nyc.gov/earlychildhood> — Office of Early Childhood Education

Se Biwo pou piblikasyon materyèl edikatif *Office of Instructional Publications*, ki gen pou Direktè,

Christopher Sgarro ki fè bwochi sa a,

Kim Russell, Desinatè grafik, fè desen ak plan bwochi a.

Nancy Pike ak Pam Pollack fè foto yo.



**Depatman Edikasyon Vil Nouyòk NYCDOE**

Joel I. Klein  
*Chanselye*

Dr. Marcia V. Lyles  
*Chanselye adjwen pou ansèyman ak aprantisaj*

**Office of Early Childhood Education**

Recy Dunn, *Direktè egzekitif*

Kathleen A. Burgess  
*Administratris*

Kathryn Lattimer, *Chèf pwodiksyon*